

Fason pou Aplike pou Konpansasyon

Kimoun ki kapab aplike pou konpansasyon?

Inosan ki viktim zak kriminèl, sèten fanmi, depandan, gadyen legal ak Bon Samariten ki kalifye ka aplike nan Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) pou jwenn konpansasyon pou depans ki soti nan pòch yo ke asirans oswa lòt resous pa kouvri.

Pou ki kalite depans mwen ka jwenn konpansasyon?

OVS ofri konpansasyon ki gen rapò ak blesi mantal, emosyonel oswa kòporel, lanmò ak pèt pwopriyete pèsonèl debaz.

Depans OVS ka kouvri prezizeman gen ladan:

- Depans medikal, famasi ak konsèy
- Pèt Pwopriyete Pèsonèl Debaz (*jiska \$500, ki gen ladan \$100 lajan likid*)
- Depans pou Antèman oswa pou Fineray (*jiska \$6,000*)
- Pèt Salè oswa Pèt Sipò (*jiska \$30,000*) (*Paran oswa gadyen legal timoun minè ki entènè lopital ka kalifye pou avantaj sa a.*)
- Transpò (tribinal/medikal)
- Reyadaptasyon pou travay (Rehabilitation)
- Frè Aparèy Sekirite ak frè Chèlètè DV
- Netwayaj anplasman krim (*jiska \$2,500*)
- Pèt pwopriyete Bon Samariten an (*jiska \$5,000*)
- Frè pou bwote (*jiska \$2,500*)

Kijan pou mwen mande konpansasyon?

Voye ban nou aplikasyon OVS ou fin ranpli a ansanm ak kopi:

- Rapò lapolis
- Bòdwo medikal
- Kominikasyon alekri avèk konpayi asirans oswa plan avantaj ki di si yo pral kouvri pèt ou
- Kat asirans
- Resi pou pwopriyete pèsonèl debaz
- Sètifika lanmò ak kontra fineray
- Batistè viktim lan
- Prèv pou laj (lisans chofè, batistè elatriye)
- Papyè lagad legal

E si mwen pa gen enpe nan papyè OVS bezwen yo?

Voye aplikasyon w lan touswit. Ou ka voye lòt dokiman yo pita.

E si mwen pèdi pwopriyete, li donmaje oswa li detwi akòz krim lan?

Si w poko gen 18 ane, 60 ane oubyen plis, ou andikape oswa ou te blese, ou ka aplike pou avantaj pou ranplase pwopriyete pèsonèl debaz ou oswa lajan kach ke okenn lòt resous pa te kouvri.

Debaz vle di yo nesèsè pou sante w ak byennèt sosyal ou, tankou linèt ak rad.

E si mwen demenaje?

Voye yon lèt siyen bay OVS touswit. Di nou nouvo adrès ou ak nimewo telefòn ou. Epi tou fè nou konnen si adrès imèl ou chanje.

Kimoun ki ka siyen reklamasyon an?

Anjeneral, viktim nan dwe siyen reklamasyon an. Men, si viktim nan poko gen 18 ane, oswa li pa anmezi fizikman oswa mantalman pou siyen, lèsa responsab legal la (moun k ap resevwa avantaj yo) dwe ranpli seksyon 2 nan reklamasyon an epi siyen reklamasyon an.

Si viktim nan mouri, moun k ap mande avantaj yo dwe ranpli seksyon 2 nan reklamasyon an epi siyen reklamasyon an.

Èske gen yon lòt fason pou aplike?

Wi. Ale nan ovs.ny.gov pou antre nan Pòtay Sèvis Viktim sekirize a (Victim Service Portal, VSP) epi ranpli yon aplikasyon sou entènèt.

Èske mwen dwe ranpli atachman fòm HIPAA a?

Wi. Ranpli yon fòm HIPAA pou **chak** founisè sèvis. Ou ka fè fotokopi yon fòm ki poko ranpli pou fè plis kopi.

Enfòmasyon sou Restitasyon dapre Lòd Tribinal

Kisa restitasyon ye?

Restitasyon se dedomajman yon responsab yon zak kriminel peye yon viktim pou pèt oswa blesi viktim lan sibi kòm konsekans zak kriminel la. Tribinal la dwe bay lòd pou restitasyon an nan moman kondanasyon an, epi li konsidere kòm yon pati nan kondanasyon an.

Restitasyon se **PA** pou konpansasyon pou pèt pi devan, li pa pou afliksyon oswa "doulè ak soufrans"

Lè biwo Pwokirè Distrik la (District Attorney, DA) fè Tribinal la konnen ou te mande restitasyon oswa lè deklarasyonenpak krim sou viktim nan (victim impact statement) ki fè pati ankèt pwobasyon an (rapò avan-kondanasyon, avan-pledwaye oswa avan-dispozisyon) endike viktim lan ap chèche restitasyon, tribinal la dwe bay lòd pou restitasyon an amwenske enterè lajistis òdone yon lòt bagay. Lè jij la pa bay lòd pou restitasyon, jij la dwe bay rezon li yo aklè nan rejis la.

Kisa mwen ka mande kòm restitasyon?

Ou ka mande pou nenpòt depans ou fè kòm konsekans zak kriminel la - menm pou atik ke OVS gendwa pa kapab ranbouse. Restitasyon ka gen ladan, men li pa limite ak, ranbousman pou bòdwo medikal, depans pou konsèy, pèt salè, depans fineray, dediktib asirans ak ranplasman byen yo vòlè oswa ki andomaje.

Kimoun ki andwa pou jwenn restitasyon?

Nenpòt moun ki te viktim yon zak kriminel epi ki te blese, kite pèdi lajan oswa sibi domaj kapab mande restitasyon. Anpil fwa, viktim ki merite restitasyon yo pa reklame li. Sa ka rive paske viktim yo pa okouran ke yo kalifye pou jwenn restitasyon, oswa yo pa konnen ki mezi pou yo pran pou chèche resevwa restitasyon yo merite a.

Kijan pou mwen mande restitasyon?

Ou dwe kontakte biwo DA a epi fè konnen eta oswa degre ou blese a, pèt ki soti nan pòch ou ak montan domaj w ap mande yo.

Se responsablite pa w pou bay lapolis, DA a, epi depatman pwobasyon zòn nan la si yo mande li., kopi bòdwo yo ak lòt dokiman ki montre ki eta oswa degre ou blese, pèt ki soti nan pòch ou ak kantite domaj ou vle pou tribinal la egzamine a. Reklamasyon pou restitasyon ou an pral antre nan nenpòt rapò ankèt pwobasyon (rapò avan-kondanasyon, avan-pledwaye oswa avan-dispozisyon). Asire ou ke ou:

- Kenbe dosye ki korèk, tankou resi orijinal pou nenpòt depans ou genyen kòm konsekans dirèk zak kriminel la.
- Bay lapolis, DA ak depatman pwobasyon zòn nan la kopi resi sa yo.

Ou dwe eksplike DA a, defansè viktim/temwen an, ak depatman pwobasyon yon fason ki klè bezwen restitasyon ou an pi vit ke posib. Akò pledwaye ka fèt nan espas kèk jou aprè zak kriminel aktyèl la. Si enfòmasyon sa yo pa bay avan akò pledwaye ak kondanasyon, ou ka oblije pouswiv responsab krim lan nan Tribinal Sivil.

DA a gen yon obligasyon pou mande Tribinal la bay lòd restitasyon nan plas ou.

Nan tout krim penal, anpil ka enfraksyon kriminel ak tout ka delenkans timoun ak moun ki bezwen sipèvizyon (Persons In Need of Supervision, PINS), yon rapò ankèt avan-kondanasyon oswa avan-dispozisyon nesèsè. Depatman pwobasyon zòn nan la pral kontakte w osijè zafè restitasyon an pou sa ki konsènen dosye ou an.

Kijan yo deside restitasyon?

Valè kòb restitasyon an baze sou prèv pèt ou genyen ki soti nan pòch ou kòm konsekans zak kriminel la. Responsab krim lan gen dwa pou konteste montan restitasyon an. Tribinal la ka fè yon odyans sou zafè restitasyon an kote Tribinal la ka konsidere kapasite responsab krim lan genyen pou peye. Biwo DA a ka kontakte w epi mande pou w temwaye nan odyans restitasyon an. Si ou gen yon enkyetid pou parèt an pèsòn nan Tribinal la, ou dwe egzamine lòt opsyon ak DA ki en chaj ka w la.

Si OVS te peye bòdwo ou yo, Tribinal la gendwa bay lòd peman restitasyon fèt bay OVS pou atik li te peye yo. Li enpòtan pou fè Biwo DA a konnen ke w te depoze yon reklamasyon nan OVS.

Si w te depoze yon reklamasyon nan OVS, li enpòtan pou w fè OVS konnen sa si Tribinal la bay responsab krim lan lòd pou peye restitasyon.



Tanpri ekri enfòmasyon nou mande yo an lèt detache nan fòm "Lang Anglè" nan kaz ekivalan yo.

Se Pwogram Asistans pou Viktim sèlman k ap itilize Seksyon sa a

# ID OVVS VAP	Non/Telefòn Pwogram nan	Non/Imèl Avoka
---------------	-------------------------	----------------

1 Ban nou kèk enfòmasyon sou viktim nan

Non Fanmi	Prenon	Dezyèm Prenon	# Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Koche kaz la a si ou pa gen youn.	Dat Nesans
-----------	--------	---------------	---	------------

Adrès Postal:

Nimewo nan Ri a Nimewo # (oswa Bwat Postal) Vil Konte Eta (oswa Peyi Etranje) Kòd Postal

Ras/Etnisite: Blan Nwa Azyatik/Natifnatal Zile Pasifik Ispanik Ameriken Endyen/Natifnatal Alaska Lòt Pa Konnen

Eta Sivill: Selibatè Marye Divòse Separe Vèf/vèv Ap viv avèk patnè

Sèks: Gason Fanm **Èske viktim nan te andikape nan moman krim nan?** Wi Non Pa konnen

Kijan ou te tande pale osijè Biwo Sèvis pou Viktim pou premye fwa?

Lapolis Lopital Pwokirè Distri Pwogram Èd pou Viktim Radyo/Televizyon Tiliv/Afich Entènèt Lòt

2 Si se pa ou ki viktim nan, epi ou siyen reklamasyon sa a, ou se moun ki fè reklamasyon an. Ban nou kèk enfòmasyon sou ou. (Gade seksyon "Kimoun ki kapab siyen reklamasyon an?" ki nan paj eksplikasyon yo.)

Non Fanmi	Prenon	Dezyèm Prenon	# Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Koche kaz la a si ou pa gen youn.	Dat Nesans
-----------	--------	---------------	---	------------

Adrès Postal:

Nimewo nan Ri a Nimewo # (oswa Bwat Postal) Vil Konte Eta (oswa Peyi Etranje) Kòd Postal

Kisa ou ye pou viktim nan? (Koche kaz pou **yon sèl**.)

Para Madanm/Mari Pitit Responsab Legal Avoka Lòt (Eksplike): _____

3 Ban nou kèk enfòmasyon sou krim nan. (Koche kaz pou **yon sèl**.)

Viktim nan te mouri akòz:

- Veyikil-a-Motè (DWI)
- Veyikil-a-Motè (Lòt)
- Teworis
- Ensandi Kriminèl
- Trafik Moun
- Lòt Omisid: _____

Viktim nan te pran chòk akòz:

- Atak
- Kadejak
- Abi Fizik sou Timoun
- Abi Seksyèl sou Timoun
- Veyikil-a-Motè (DWI)
- Veyikil-a-Motè (pa DWI)
- Lòt (Eksplike): _____
- Pouswit
- Kidnaping
- Teworis
- Dife kriminèl
- Vòl avèk zam
- Trafik Moun

Viktim nan te pèdi byen pèsònèl enpòtan akòz:

- Vòl/Vòl avèk zam/Ti vòl
- Veyikil-a-Motè (DWI)
- Veyikil-a-Motè (pa DWI)
- Trafik Moun
- Lòt (Eksplike): _____
- Dife Kriminèl
- Zak Kriminèl

Ki kote krim nan te fèt? (Koche kaz pou **yon sèl**.) Travay Kay viktim nan posede Bilding ki Gen Apatman Lari Piblik

Tren/Otobis Estasyonman Machin Restoran/Ba Lekòl/lakou lekòl Sant Komèsyal Lòt (Eksplike): _____

Èske krim sa a se te yon vyolans nan kay? Wi Non Enkoni

Èske viktim nan t ap kondi yon taksi ki pa anrejistre lè krim nan te fè? Wi Non Pa konnen

Èske byen viktim nan te pèdi oswa domaje pandan li t ap eseye evite oswa

anpeche yon krim kont yon lòt moun oswa pandan li t ap ede otorite yo anpeche krim nan? Wi Non

Rapò Krim nan: _____ **Ajans lapolis oswa jistis kriminèl te rapòte krim nan ba:** _____

Konte kote krim nan te fèt: _____ Dat krim nan: _____ Dat yo te rapòte krim nan: _____

Si gen plis pase 7 jou ant dat krim nan te fèt ak dat yo te rapòte krim nan, eksplike pou kisa: _____

Si gen plis pase 1 ane ant dat krim nan te fèt ak dat ou fè reklamasyon sa a, eksplike pou kisa: _____

Dekri krim nan avèk mo pa ou: _____

4 Ban nou kèk enfòmasyon sou moun ou sispèk la. Non sispèk la (*si ou konnen li*): _____

- Èske lapolis te arete sispèk la pou krim sa a? Wi Non
 Èske lajistis te pouswiv sispèk la pou krim sa a? Wi Non Sa Poko Fèt
 Èske sispèk la ap viv nan menm kay avèk viktim nan
 OSWA èske sispèk la se yon manm fanmi viktim nan? Wi Non
 Èske tribinal la te bay yon lòd pwoteksyon nan ka sa a? Wi Non (*Si ou reponn Wi, tache yon kopi.*)
 Èske DA te mande tribinal la pou egzijè restitasyon? Wi Non Sa Poko Fèt
 Èske tribinal te egzijè sispèk la pou peye konpansasyon? Wi (*Kantite Lajan \$ _____*) Non Sa Poko Fèt

NÒT: Si ou kalifye pou konpansasyon, OVS ka ranbouse ou pou depans ki endike anwo a. Ta dwe gen demann pou atik sa yo nan lòd restitasyon tribinal la bay la. Nou ankouraje moun ki aplike yo pou yo bay enfòmasyon sa yo pou pwokirè yo si gen yon dosye kriminèl. Gade paj Enfòmasyon Restitasyon Tribinal la Egzijè a pou jwenn enfòmasyon enpòtan sou restitasyon.

5 Ban jou kèk enfòmasyon sou depans ki asosye pou krim sa a. (*Koche kaz pou tout sa ki bon.*)

- Medikal/Anbilans Sipò ou Pèdi Salè ou Pèdi Sèvis Transpò Pèsònèl
 Netwayaj kote Krim nan te Fèt (Reklamasyon Akòz Lanmò Sèlman) Abri DV Medikal
 Aparèy/Sistèm Sekirite Reyabilitasyon Pwofesyonèl Demenajman/Depo Tribinal
 Konsèy Seremoni Antèman/Antèman Byen Pèsònèl Enpòtan
 Lòt (*Eksplike*): _____

6 Bay lis nenpòt byen pèsònèl enpòtan, tankou lajan kach, linèt, oswa rad ki bezwen ranplase akòz krim sa a.
 (*Si pa genyen, ale dirèkteman nan 7.*)

Dekri sa ki te pèdi/domaje:	Pri	Dekri sa ki te pèdi/domaje:	Pri
1.	\$.....	4.	\$.....
2.	\$.....	5.	\$.....
3.	\$.....	6.	\$.....

Konpayi Asirans pou Pwopriyete Kay/Lokatè	# Kontra oswa ID	Franchiz \$
Konpayi Asirans Vwati/Lòt	# Kontra oswa ID	Franchiz \$

— Si pa t gen chòk epi ou mande sèlman avantaj pou byen pèsònèl ou yo, ale dirèkteman nan 15. —

7 Ban nou kèk enfòmasyon sou travay moun ki viktim nan oswa sou travay paran li ak asirans pou Salè ki Pèdi yo.
Si ou pa vle nou kontakte travay ou, ou pa kapab resevwa ranbousman pou Salè ou Pèdi yo. (*Ale dirèkteman nan 8.*)

- Èske viktim nan/paran timoun minè viktim ki entène lopital t ap travay lè krim nan te fèt? Wi Non (*Si ou reponn Non, ale dirèkteman nan 8.*)
 Èske moun ki viktim nan/paran timoun minè viktim ki entène lopital la pa t ale nan travay akòz krim nan? Wi Non
 Non
 Èske moun ki viktim nan/paran li se travayè endepandan? Wi Non (*Si ou reponn Wi, tache kopi dènye fòm deklarasyon taks federal sou revni ak tout tablo yo.*)

Non, Adrès, ak # Telefòn Travay la:

Travay _____ Nimewo nan Ri a _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____ Telefòn # _____

Non, Adrès, ak # Telefòn Lòt Travay:

Travay _____ Nimewo nan Ri a _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____ Telefòn # _____

Non, Adrès ak # Telefòn doktè ki te sètifye moun ki viktim pa t kapab travay:

Travay _____ Nimewo nan Ri a _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____ Telefòn # _____

Ban nou kèk enfòmasyon sou konpayi asirans k ap garanti lè viktim nan pèdi nan travay li. (*Si pa genyen, ekri "Okenn" anba la a epi ale dirèkteman 8.*)

Kontra oswa ID oswa "Okenn"

Kontra oswa ID oswa "Okenn"

1. Asirans pou Chomaj		5. Konpansasyon Travayè	
2. Asirans pou Andikap		6. Lòt Asirans	
3. Plan Pansyon		7. Avantaj Sekirite Sosyal (ssn obligatwa)	SSN _____
4. Lòt Asirans		8. Avantaj SSI (ssn obligatwa)	SSN _____

8 Si moun ki viktim nan te mouri, ranpli seksyon ki anba la a si ou fè depans pou antèman. (*Si li pa t mouri, ale dirèkteman nan 9.*)

Epitou, mete yon kopi kontra ou te fè avèk ponp finèb la, lòt bòdwo pou depans pou antèman an, ak yon fotokopi Sètifika Lanmè a, si ou genyen yo.

Non Ponp Finèb la: _____ Telefòn #: (_____)

Adrès: _____
 Nimewo nan Ri a _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____

9 Si moun ki viktim nan te pran chòk oswa si li te mouri akòz krim sa a, ranpli seksyon ki anba la a.

Bay yon ti deskripsyon sou chòk moun ki viktim nan te pran: _____

Èske moun ki viktim nan te resevwa tretman medikal? Wi Non (Si ou reponn **Non**, ale dirèkteman nan seksyon 10.)

Ban nou kèk enfòmasyon sou pwofesyonèl sante mantal ki te trete moun ki viktim nan pou chòk ki asosye avèk krim sa a:

	Prenon ak Non Fanmi	Adrès okonplè	Nimewo Telefòn
Premye Lopital	_____	_____	() _____
Lòt Lopital	_____	_____	() _____
Premye Doktè (pa nan lopital)	_____	_____	() _____
Lòt Doktè	_____	_____	() _____
Premye Dantis	_____	_____	() _____
Konseye Viktim nan	_____	_____	() _____

10 Ban nou kèk enfòmasyon sou depandan moun ki viktim nan oswa sou lòt moun ki te depannde viktim nan pou sipò. (Si pa genyen, ale dirèkteman nan 11.)

Depandan	Non	Nimewo Sekirite Sosyal _____	Dat Nesans	Sa li ye pou moun ki viktim nan
	Adrès la			Èske ou se responsab legal la? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Lòt Depandan	Non	Nimewo Sekirite Sosyal _____	Dat Nesans	Sa li ye pou moun ki viktim nan
	Adrès la			Èske ou se responsab legal la? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Lòt Depandan	Non	Nimewo Sekirite Sosyal _____	Dat Nesans	Sa li ye pou moun ki viktim nan
	Adrès la			Èske ou se responsab legal la? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

Si gen plis pase 3 depandan, mete yon fèy apa, epi koche kaz ki la a:

11 Èske nenpòt moun anplis viktim nan te resevwa konsèy akòz krim sa a? (Si pa genyen, ale dirèkteman nan 12.)

Kimoun ki te resevwa konsèy la?	Sa li ye pou moun ki viktim nan	Konpayi asirans ki resevwa bòdwo pou konsèy la	# Kontra oswa ID
Non, adrès ak # telefòn konseye a:			
Ki lòt moun ki te resevwa konsèy la?	Sa li ye pou moun ki viktim nan	Konpayi asirans ki resevwa bòdwo pou konsèy la	# Kontra oswa ID
Non, adrès ak nimewo telefòn konseye a:			

Si gen plis pase 2 moun ki te resevwa konsèy akòz krim sa a, koche kaz ki la a, epi mete yon fèy apa pou fè deskripsyon.

12 Bay nenpòt asirans ki bay pwoteksyon pou viktim nan oswa pou depandan viktim nan. Si pa gen asirans, ekri "Okenn" anba la a. Si ou te aplike men ou potko gen asirans, ekri "Annatant" anba # Kontra oswa ID.

Kontra oswa ID

Non moun (yo) ki pwoteje nan asirans sa a:

Konpayi Asirans Prensipal		
Konpayi Asirans Medikal Prensipal		
Lòt Asirans (Sendika, pou Dan, pou Zye, elatriye)		
Medicare		
Medicaid		
Konpansasyon Travayè		
Asirans Vwati		
Lòt Asirans		

13 Si moun ki viktim nan te mouri, ban nou kèk enfòmasyon sou nenpòt asirans-vi ak sou avantaj pou lanmò.

(Si moun ki viktim nan pa t mouri, oswa si li pa gen okenn asirans-vi oswa avantaj pou lanmò, ale dirèkteman nan 14.)

	Non Konpayi	Adrès la	Nimewo Telefòn	# Kontra oswa ID
Asirans-Vi	_____	_____	() _____	_____
Plan Pansyon	_____	_____	() _____	_____
Lòt				
Asirans/Plan	_____	_____	() _____	_____
Medicaid	_____	_____	() _____	_____
Konpansasyon	_____	_____	() _____	_____
Travayè	_____	_____	() _____	_____

Si gen nenpòt lòt asirans oswa avantaj pou lanmò, endike li la a: ____

Èske nenpòt nan kontra asirans sa yo garanti depans pou antèman moun ki viktim nan? Wi Non

Èske yon moun te aplike pou Avantaj pou Lanmò nan Sekirite Sosyal? Wi Non

14 Ban nou kèk enfòmasyon sou sityasyon finansye ou. Ou DWE ranpli TOUT seksyon ki anba la yo. Si se okenn, antre zewo (0).

Konbyen depandan ou genyen? _____

Ki revni total ou touche chak ane (nan TOUT sous yo)? Si ou pa byen konnen, fè yon estimasyon: \$ _____

Bay TOUT resous ak TOUT det ou anba la a. Si ou pa byen konnen, fè yon estimasyon. Tache paj siplemantè si li nesesè.

Resous Ou yo – si se okenn, antre zewo (0).		Det ou yo – Konbyen lajan ou dwe kounye a?	
Epay, aksyon, obligasyon	\$ _____		Si se okenn, antre zewo (0).
Byen Imobilye (kay, elatriye)	\$ _____	Prè ipotekè	\$ _____
Lajan pou touche nan asirans-vi	\$ _____	Prè	\$ _____

15 Èske yon avoka prive (pa DA) reprezante ou? Wi Non

Si ou reponn Wi: Reklamasyon nan OVS Pwosè Sivil Toulède

_____ ()
 Non Avoka a Adrès la Telefòn #

16 Otorizasyon pou pale avèk reprezantan an:

Si ou ta renmen bay pèmasyon pou yon manm fanmi ou, zanmi ou oswa lòt moun pale avèk OVS konsènan reklamasyon ou, antre la a.

_____ ()
 Non Moun nan Adrès la Telefòn #

17 Otorizasyon Moun ki Mande Konpansasyon an:

Mwen REKONÈT si mwen aksepte yon dedomajman nan Biwo Sèvis pou Viktim (OVS) sa ap kreye yon koneksyon anfavè Eta New York sou nenpòt rekouvremman ki asosye avèk krim reklamasyon sa a baze sou li a, tankou nenpòt jijman, aranjman oswa lòd restitasyon. Si mwen otorize nenpòt direktè ponp finèb, avoka, patwon, lapolis oswa lòt otorite piblik, konpayi asirans oswa nenpòt moun ki te bay sèvis pou moun ki endike anwo a, oswa ki konnen menm dosye a, pou bay OVS oswa reprezantan li yo enfòmasyon sa yo: Dosye Konpansasyon Travayè, enfòmasyon konsènan krim nan oswa nenpòt chòk oswa lanmò ki te genyen akòz krim nan, ak enfòmasyon ki konsène reklamasyon sa a. Si yo ban mwen dedomajman, mwen otorize OVS pou fè peman yo dirèkteman ba founisè sèvis yo. Mwen otorize OVS tou pou divilge enfòmasyon ak dosye mwen yo ki rasanble pou reklamasyon sa a ba Pwogram Asistans pou Viktim (VAP) pou VAP kapab ede OVS travay sou reklamasyon mwen epi pou pran desizyon li. Si gen yon avoka prive ki endike anwo a, mwen otorize OVS tou pou bay avoka a enfòmasyon ak dosye mwen yo ki rasanble pou reklamasyon sa a pou li kapab pran desizyon kòm reprezantan mwen. Mwen konprann yon Avi Konparisyon apa avoka mwen ap nesèsè anplis otorizasyon sa a. Si gen yon manm fanmi, zanmi oswa lòt moun ki endike anwo a, mwen otorize OVS pou divilge enfòmasyon ak dosye mwen yo ki rasanble pou reklamasyon sa a ba moun nan pou li kapab ede mwen avèk reklamasyon sa a.

Nou dwe konsidere yon fotokopi otorizasyon an kòm yon fotokopi ki efikas menm jan avèk orijinal la.

_____ ()
 Siyati Moun ki Fè Demann Alokasyon Dat la # Telefòn Lajounen

Imèl: _____ Lang ou pito pale: Anglè Panyòl Chinwa Senplifye
 Chinwa Tradisyonèl Kreyòl Ayisyen Italyen Koreyen
 Entèprèt Nesèsè: Wi Non Ris Lòt _____

Pou nou travay sou reklamasyon ou, voye dokiman sa yo ban nou nan sèvis lapòs. (Konsève yon kopi pou dosye ou.)

- Tout bòdwo ak resi pou sèvis ki endike nan fòm sa a
- Fòm reklamasyon ou ranpli ak siyen an
- Yon fòm HIPAA ou ranpli pou **chak founisè sèvis** ki endike nan fòm sa a (Ou kapab fè fotokopi fòm HIPAA.)
- Lèt nenpòt konpayi asirans ki refize oswa ki otorize peman pou sèvis ki endike nan fòm sa a.

Sonje: Ou dwe voye bòdwo ba konpayi asirans ou oswa ba plan avantaj ou **anvan** OVS kapab peye.

Voye dokiman yo nan sèvis lapòs ba: New York State Office of Victim Services
 AE Smith Building
 80 S. Swan Street
 Albany, NY 12210-8002



OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL YON FASON KI ANNAMONI AVÈK HIPAA

[Depatman Sante Eta New York apwouve fòm sa a]

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal XXX-XX-____
Adrès Pasyan		

Mwen-menm, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou yo divilge enfòmasyon sou sante ki konsène swen mwen jan sa endike nan fòm sa a: Dapre Lwa Eta New York ak Règ Enfòmasyon Prive Lwa 1996 sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans-Maladi (HIPAA), mwen rekonèt:

- Otorizasyon sa a ka gen divilgasyon enfòmasyon ki konsène **ABI ALKÒL** ak **DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, sof nòt siko-terapi, ak **VIH* AN SEKRÈ KI KONSÈNE ENFÒMASYON** yo sèlman si mwen mete inisyal mwen nan liy Paragraf 9(a) ki apwopriye. Sizoka enfòmasyon medikal mwen ki dekri anba a genyen nenpòt kalite enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen sou liy ki nan kaz nan Paragraf 9(a), mwen otorize sitou pou yo divilge enfòmasyon yo ba moun ki endike a (yo) nan Paragraf 8.
- Si mwen bay otorizasyon pou divilge enfòmasyon ki konsène VIH, tretman pou abi alkòl oswa dwòg, oswa tretman pou sante mantal, moun ki resevwa enfòmasyon yo ap gen entèdiksyon pou re-divilge enfòmasyon yo san otorizasyon mwen sof si lalwa federal oswa lwa eta a bay otorizasyon pou sa fèt. Mwen rekonèt mwen gen dwa tou pou mande yon lis moun ki ka resevwa oswa itilize enfòmasyon ki asosye avèk VIH mwen san otorizasyon mwen. Si mwen viktim diskriminasyon akòz piblikasyon oswa divilgasyon enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH mwen, mwen kapab kontakte New York State Division of Human Rights (Divizyon Leta Nouyòk pou Dwa Moun) nan nimewo (212) 480-2493 oswa New York City Commission of Human Rights (Komisyon Leta Nouyòk pou Dwa Moun) nan nimewo (212) 306-7450. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa mwen.
- Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt kilè depi mwen voye yon lèt ba founisè swen sante ki endike anba la a. Mwen rekonèt mwen ka anile otorizasyon sa a, sof nan limit aksyon yo deja pran selon otorizasyon sa a.
- Mwen rekonèt mwen ka siyen otorizasyon sa a si mwen vle. Tretman mwen, peman mwen, enskripsyon mwen nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj yo p ap depannde otorizasyon mwen pou divilgasyon sa a.
- Moun ki resevwa enfòmasyon ki divilge anba otorizasyon sa a kapab re-divilge enfòmasyon yo (sof jan sa endike nan Paragraf 2), epi re-divilgasyon an ka pa jwenn pwoteksyon lalwa federal oswa lwa eta a ankò.
- OTORIZASYON SA A PA BA OU DWA POU DISKITE SOU ENFÒMASYON SOU SANTE MWEN OSWA SOU SWEN MEDIKAL MWEN AVÈK MOUN KI PA AVOKA OSWA KI PA NAN BIWO GOUVÈNMAN KI ENDIKE NAN PARAGRAF 9(b).**

7. Non ak adrès founisè swen sante oswa ajans ki pral divilge enfòmasyon sa yo:

8. Non ak adrès moun (yo) oswa kategori moun y ap voye enfòmasyon yo ba li (yo) a:
NYS OFFICE OF VICTIM SERVICES – AE SMITH BLDG. 80 S. SWAN ST., ALBANY, NY 12210-8002

9(a). Enfòmasyon espesifik yo pral divilge yo:

Dosye medikal depi (mete dat la) _____ jiska (mete dat la) _____

Tout Dosye Medikal la, avèk tou istwa medikal pasyan an, nòt klinik (sof nòt siko-terapi), rezilta tèst, etid radyoloji, film, rekòmandasyon, konsiltasyon, dosye bòdwo, dosye asirans, ak dosye lòt founisè swen medikal voye ba ou.

Lòt: _____ Ajoute: (Endike avèk Inisyal ou)

_____ **Tretman pou Abi Alkòl/Dwòg**

_____ **Enfòmasyon sou Sante Mantal**

_____ **Enfòmasyon ki Asosye avèk VIH**

Otorizasyon pou Diskite sou Enfòmasyon sou Sante

(b) Depi mwen mete inisyal ou la a _____ Mwen otorize _____

Inisyal Non pwofesyonèl swen medikal moun nan

ki pou diskite sou enfòmasyon sou sante mwen avèk avoka mwen, oswa yon biwo gouvènman, ki nan lis la a:

BIWO SÈVIS POU VIKTIM ETA NEW YORK

(Non Avoka/Antrepriz oswa Biwo Gouvènman)

10. Rezon pou divilgasyon enfòmasyon yo:
Sou demann moun nan pou li ak detèmine si li kalifye pou avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York.

11. Dat oswa evènman otorizasyon sa a ap ekspire:
Otorizasyon sa a ap ekspire lè moun nan pa kalifye ankò pou avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim.

12. Si se pa pasyan an, non moun ki siyen fòm nan:

13. Otorizasyon pou siyen sou non pasyan an:

Tout paragraf ki nan fòm sa a konplete epi yo te reponn kesyon mwen gen konsènan fòm sa a. Answit, yo ban mwen yon kopi fòm nan.

Siyati pasyan an oswa reprezantan ki gen otorizasyon lalwa. Dat: _____

* **Viris Imino-defisyan Imen ki lakòz maladi SIDA.** Lwa Eta New York sou Sante Piblik pwoteje enfòmasyon ki kapab idantifye yon fason rezonab yon moun kòm moun ki gen sentòm VIH oswa enfeksyon ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.